

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu bab medar ngeunaan (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) sumber data panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, (5) instrumén panalungtikan, jeung (6) téhnik ngolah data.

1.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Metodena mangrupa wawancara, pengamatan atawa obsérvasi, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 203). Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 3), métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu.


Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kalayan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nurutkeun Bogdan jeung Taylor (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 21), nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif, mangrupa kekecapan anu ditulis atawa sacara lisan mangrupa omongan ti jalma-jalma jeung paripolah nu bisa ditalungtik.

Kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajéntrékeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jrrd (Arikunto, 2013, kc. 3). Éta pamadegan téh dikuatan deui ku pamadegan Moleong (2012, kc. 11) yén déskriptif nyaéta data anu dikumpulkeunna mangrupa kecap-kecap, gambar, lain angka-angka. Ku kituna, laporan panalungtikan eusina mangrupa kutipan-kutipan data, pikeun méré gambaran ngeunaan hiji objék nu ditalungtik, anu dihasilkeun tina wawancara, catetan laporan, foto, rékaman wawancara, dokumén pribadi, mémo, jeung dokumén resmi séjénna. Métode déskriptif mangrupa salah sahiji métode pikeun méré gambaran perkara objék anu ditalungtik, ngébréhkeun sagala hal anu aya patalina jeung panalungtikan, nepi ka nganalisis tur ngébréhkeun hasil panalungtikan.

Dina téhnik panalungtikan ngawengku desain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

1.2 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang kabéh hal jeung kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik ti saacan panalungtikan, keur dilaksanakeun panalungtikan, sarta nepi ka aya kacindekan jeung laporan panalungtikan.



Bagan 3. 1
Bagan Desain Panalungtikan

1.3 Téhnik Panalungtikan

1.3.1.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka atawa talaah pustaka mangrupa survéy kana data anu geus aya, neuleuman téori-téori, tuluy ditalaah kalawan gemet. Téhnik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber jeung sumber séjénna nu geus aya pakuat-pakaitna jeung konsép téoritis, sarta bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 85).

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

- 1) Macaan buku-buku anu patalina jeung motif, strukturalisme, sarta ajén budaya.
- 2) Nangtukeun sumber data, nyaéta dongéng *Sasakala Candi Prambanan* (Jawa Tengah), *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* (Jawa Barat), jeung *Sasakala Nyale* (NTB).
- 3) Maca sagemblengna dongéng-dongéng nu jadi bahan panalungtikan.

1.3.1.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data atawa nganalisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ieu panalungtikan, data anu geus kapaluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik analisis data. Nurutkeun Patton (dina Moleong, 2012, kc. 280), analisis data nyaéta prosés ngelompokkeun data, ngaorganisasikeun kana hiji pola, jeung sistem uraian dasar. Data dina ieu panalungtikan diolah ku ngagunakeun téhnik analisis langsung. Data nu diolahna mangrupa teks dina *Ensiklopedia Dongeng & Cerita Nusantara* karya Daru Wijayanti, *Cerita Asli Nusantara* karya Faza jeung dongéng anu aya dina *sundapedia.com*, anu eusina struktur, motif, jeung ajén budaya. Ari léngkah-léngkah dina nganalisis datana saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data teks nu geus dikumpulkeun;
- 2) Ngaruntuykeun bahan panalungtikan;
- 3) Nyieun ringkesan data panalungtikan;

- 4) Nyieun papasingan data panalungtikan dumasar kana struktur, motif, jeung ajén budaya;
- 5) Nganalisis data dumasar kana struktur, motif, jeung ajén budaya;
- 6) Ngadéskripsikeun data dumasar kana struktur, motif, jeung ajén budaya; jeung
- 7) Nyieun kacindekan tina hasil nganalisis data.

1.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanna bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Dina hartina leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu ngajadikeun datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203). Eusina dina kartu data ngawengku opat hal, nyaéta (1) nomer data, (2) kode data, (3) cutatan paguneman tokoh, jeung (4) polah ucap. Data anu digunakeunana nyaéta unggal paguenaman anu kaasup kana polah ucap anu kapaluruh dina Dongéng *Sasakala Candi Prambanan* (wilayah Tengah), *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* (wilayah Kulon), jeung *Sasakala Nyale* (Wilayah Wétan). Ieu di handap conto kartu datana.

1) Kartu Data Motif

Tabél 3. 1

Kartu Data Motif

Judul Dongéng	Kode Motif	Cutatan
<i>Sasakala Candi Prambanan</i>		
<i>Sasakala Nyale</i>		
<i>Sasakala Sangkuriang</i>		

2) Kartu Data Struktural

Gambar 3. 1

Kartu Data Téma

1. Kode Data	:	
2. Téma	:	

3. Cutatan Carita :

Gambar 3. 2
Kartu Data Latar

1. Kode Data :
2. Jenis Latar :
3. Cutatan Carita :

Gambar 3. 3
Kartu Data Galur

1. Kode Data :
2. Bagian/Épisode :
3. Wincikan Carita :

Gambar 3. 4
Kartu Data Tokoh jeung Penokohan

1. Kode Data :
2. Jenis Tokoh :
3. Ngaran Tokoh :
4. Watek :
5. Cutatan Carita :

3) Kartu Data Ajén Budaya

Tabél 3. 2
Kartu Ajén Budaya

No	Judul	Ajén Budaya				
		MH	MK	MW	MA	MM
1	<i>Sasakala Candi Prambanan</i>					
2	<i>Sasakala Nyale</i>					
3	<i>Sasakala Sangkuriang</i>					

1.5 Data jeung Sumber Data

1.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan dongéng-dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta. Dina ieu dongéng diguar ngeunaan struktur anu ngawengku (téma, galur, latar, jeung penokohan), motif cinta (kode T0 jeung T10), jeung ajén budayana nyaéta, hakékat manusa jeung kahirupan (MH), hakékat manusa jeung karya (MK), hakékat manusa jeung lolongkrang waktu (MW), hakékat manusa jeung alam (MA), jeung hakékat manusa jeung papada manusa (MM).

1.5.2 Sumber Data

Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 169), sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kecap-kecap jeung paripolah, lian ti éta aya tambahan saperti dokumén jeung sajabana. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu bisa dipaké pikeun nyangking data. Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa dokumen dina wangun sumber data tinulis. Ari sumber data tinulisna nyaéta buku karya sastra jeung sumber internét. Idéntitas bukuna ébréh saperti ieu di handap.

1. *Ensiklopedia Dongeng & Cerita Nusantara*

- a. Pangarang : Daru Wijayanti
- b. Penerbit : Indoliterasi
- c. Tempat : Yogyakarta
- d. Taun : 2016 (cetakan 2)
- e. Ukuran buku : 19 cm x 24 cm
- f. Kandalna : 376 kaca

2. *Cerita Asli Nusantara*

- a. Pangarang : Faza
- b. Penerbit : Elex Media Komputindo
- c. Tempat : Jakarta


- d. Taun : 2016 (cetakan 2)
 e. Ukuran buku : 19,3 cm x 23 cm
 f. Kandela : 152 kaca

3. Sumber Internet

<https://www.sundapedia.com/dongeng-sangkuriang-bahasa-sunda-dan-sasakala-gunung-tangkuban-parahu/>


Gambar 3.5

Jilid *Ensiklopedia Dongeng & Cerita Nusantara*



Gambar 3.6

Jilid *Cerita Asli Nusantara*



Dina dua buku anu dijadikeun sumber data, kapanggih aya 13 dongéng anu motifna cinta. Salapan dongéng ti buku *Ensiklopedia Dongéng & Cerita Nusantara*, opat deui ti buku *Cerita Asli Nusantara*. Eusi buku *Ensiklopedia Dongéng & Cerita Nusantara* téh sakabéhna aya 77 dongéng, tapi anu aya motif cintana mung kapaluruh salapan dongéng, diantaranya: *Sasakala Danau Toba*, *Sasakala Banyuwangi*, *Sasakala Candi Prambanan*, *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu*,

Sasakala Gunung Batok, Sasakala Telaga Biru, Putri Tujuh, Putri Cermin Cina, jeung Hikayat Antu Ayek.

Tina 20 dongéng anu aya dina buku *Cerita Asli Nusantara*, kapaluruh opat dongéng anu motifna cinta, diantaranya: *Lutung Kasarung, Sasakala Danau Toba, Nyale, jeung Sangkuriang*. Supaya leuwih jéntré, ieu di handap aya tabél ngeunaan dongéng-dongéng motif cinta anu kapaluruh dina buku *Ensiklopedia Dongéng & Cerita Nusantara* jeung *Cerita Asli Nusantara*.

Tabél 3.3
Dongéng-dongéng Nusantara motif cinta

No.	<i>Ensiklopedia Dongéng & Cerita Nusantara</i>	<i>Cerita Asli Nusantara</i>
1.	<i>Sasakala Danau Toba</i>	<i>Lutung Kasarung</i>
2.	<i>Sasakala Banyuwangi</i>	<i>Sasakala Danau Toba</i>
3.	<i>Sasakala Candi Prambanan</i>	<i>Nyale</i>
4.	<i>Sasakala Gunung Tangkuban Parahu</i>	<i>Sangkuriang</i>
5.	<i>Sasakala Gunung Batok</i>	
6.	<i>Sasakala Telaga Biru</i>	
7.	<i>Putri Tujuh.</i>	
8.	<i>Putri Cermin Cina</i>	
9.	<i>Hikayat Antu Ayek.</i>	

Tina sababaraha dongéng anu aya dina tabél 3.3 di luhur, panalungtik ngawatesanan jumlah dongéng anu ditalungtik, nyaéta dongéng *Sasakala Candi Prambanan* nu ngawakilan dongéng Nusantara wilayah Tengah (Jawa Tengah), *Sasakala Nyale* nu ngawakilan dongéng Nusantara wilayah Wétan (NTB), jeung *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu* nu ngawakilan dongéng Nusantara wilayah Kulon (Jawa Barat).